



PWOSESIS AK PWOSEDI ENVESTIGASYON AN: RAPÒ SOU MOVE KONDWIT POTANSYÈL

A. ENSTRIKSYON

1. Nenpòt moun (elèv, pèsonèl lekòl la, manm kominote a, paran oswa titè, elatriye) ka rapòte konduit ki entèdi oswa preyokipasyon ki similè lè yo ranpli fòmilè Rapò Sikonskripsyon an.
2. Lè w fin ranpli fòmilè rapò a, remèt li bay Direktè bilding lan oswa Direktè Adjwen an. Ou ka depoze Rapò a kote Direktè Egzekitif Resous Imèn Sikonskripsyon an tou, Kowòdonatè Safe School Climate pou Sikonskripsyon an, Kowòdonatè Tit IX pou Sikonskripsyon an, oswa Kowòdonatè Dwa Sivil pou Sikonskripsyon an. Ou ka jwenn non ak enfòmasyon kontak pou moun sa yo sou sitwèb Sikonskripsyon an.
3. Elèv yo ka fè rapò anonim tou lè yo kite yon nòt, voye yon imèl, kite yon mesaj vokal oswa pale ak nenpòt manm estaf la. Rapò yo resevwa yo pral voye bay direktè lekòl la oswa Espesyalis Safe School Climate, Espesyalis Tit IX, oswa Espesyalis Dwa Sivil lekòl la. Yo p ap pran okenn aksyon disiplinè kont prezime agresè akize a ki baze sèlman sou yon rapò anonim.

B. ENVESTIGASYON

1. Apre resepsyon rapò a, administrasyon lekòl la ap mennen yon investigasyon oswa otorize yon investigasyon. Direktè bilding lan responsab pwosesis sa a, men li kapab oswa li ka pa mennen investigasyon an.
2. Investigasyon an ap rapid, apwofondi epi san patipri. Investigasyon an kapab genyen entèvyou ak prezime viktim lan (yo), prezime agresè a (yo), lòt elèv, temwen ak anplwaye yo.
3. Yo ka bay paran/titè elèv ki enplike yo enfòmasyon sou avansman investigasyon an. Lalwa sou enfòmasyon prive elèv yo ka entèdi pataje enfòmasyon detaye yo.
4. Si sa nesèsè, y ap rapòte kondwit la bay otorite ki konsène yo. Sa ka gen ladan Lapolis ak/oswa Depatman Timoun ak Fanmi.
5. Yo ka enpoze konsekans an fonksyon rezilta investigasyon an. Sa gen ladann, men se pa sa sèlman, entèvansyon ak sipò, epi mezi disiplinè jiska ekspilasyon.
6. Tout notifikasyon ak komunikasyon yo ap fèt an akò ak obligasyon Sikonskripsyon an selon lalwa. Sa enkli lwa sou vi prive elèv yo. Nenpòt notifikasyon vèbal pou paran/titè konsènan rezilta investigasyon an ap swiv pa yon konfimasyon alekri. Si yo konfime ka entimidasyon an, paran/titè ap gen kapasite pou rankontre ak yon administratè bilding nan pou diskite sou rezilta investigasyon an.

C. APÈL

1. Nenpòt prezime viktim oswa prezime agresè (e menm paran/titè yo) ki pa satisfè ak rezilta investigasyon an ka fè apèl kont rezilta investigasyon an devan sipèvizè imedya direktè a. Pwosesis la ak desizyon ki gen rapò ak apèl la dwe fèt pa sipèvizè imedya oswa reprezantan direktè a.
2. Nan ka kote kondwit sipèvizè imedya direktè lekòl la te fè objè rapò de baz la, apèl la dwe dirije bay Direktè Egzekitif Resous Imèn pou Sikonskripsyon an ("EDHR" la). Lè sikonstans yo mande pou yo voye apèl la bay EDHR, EDHR oswa reprezantan li kapab reyalize pwosesis la ak desizyon ki gen rapò ak apèl la.
3. Apèl la dwe fèt alekri (ou ka itilize fòmilè yo bay la) epi sipèvizè imedya direktè a (oswa EDHR la lè sa nesèsè) dwe resevwa l nan dis (10) jou kalandriye apati dat pati ki fè apèl la te resevwa notifikasyon sou rezilta investigasyon an.
4. Baz apèl la limite a reklamasyon pwosesis investigasyon an te gen defo oswa prèv enpòtan ki pa t disponib nan moman investigasyon te fenk revele.
5. Rezilta apèl la ap baze sou egzamen kontni apèl alekri a, dosye investigasyon an, ak lòt faktè ak/oswa sikonstans ki itil. Moun k ap evalye apèl la ap gen opsyon pou fè entèvyou ak moun ki konsène yo, men li pa oblije fè sa.
6. Desizyon apèl la ap fèt alekri epi l ap obligatwa pou tout pati yo. Li ka modifye, ranvèse, ajoute, elimine, oswa chanje tout oswa yon pati nan rezilta investigasyon an, ki gen ladan rekou, mezi disiplinè, ak/oswa aksyon korektif. Desizyon an definitif.
7. Ou ka jwenn yon kopi fòmilè pou Apèl la sou sitwèb Sikonskripsyon an, epi li anekse ak dokiman sa a.